



Pou Piblikasyon Imedya: 6/7/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE PLIS PASE 70% NOUYÒKÈ KI ELIJIB YO TE RESEVWA OMWEN YON DÒZ NAN VAKSEN COVID-19 LA

Pousantaj pozitivite mwayèn sou 7 jou nan tout eta a, se 0,58%

Se 27,306 Dòz Vaksen yo Administre Pandan 24 Èdtan ki sot Pase yo

347 Pasyan Entène nan tout Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a plis pase 70 pousan Nouyòkè ki elijib yo—sa ki gen 12 ak plis yo—resevwa nan moman omwen yon dòz vaksen. Nan dat 15 Jen, Gouvènè Cuomo te anonse ke restriksyon sou COVID-19 yo leve imedyatman ke [70 pousan Nouyòkè ki gen 18 lane oswa plis te resevwa premye dòz](#) seri vaksinasyon COVID-19 yo an.

"Nou kontinye ap goumen kont viris la pandan n ap asire nou ke chak grenn Nouyòkè ki elijib yo vaksinen kont COVID-19 lan, e ke kapasite eta a pou li gen viktwa sou li pou tout bon depann de resevwa piki nan bra yo," **daprè deklarasyon Gouvènè Cuomo.** "Se poutèt sa Eta Nouyòk lan ofri prim ankourajman ki enteresan pou asire ke nou gen plis Nouyòkè ke posib ki vaksinen epi fè eta nou an fè pa annavan. Nou mande tout moun ki potko resevwa vaksen an pou yo pran l jodi a—randevou yo, ki enkli aksesibilite pou tout moun, disponib sou sit yo nan tout eta a."

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 35,339
- **Total Pozitif** - 255
- **Pousantaj Pozitif** - 0,72%
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 0,58%
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 347 (+17)
- **Pasyan ki Fèk Entène** - 49
- **Pasyan nan ICU** - 78 (-2)
- **Pasyan nan ICU avèk Entibasyon** - 40 (+1)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 185,161 (+28)
- **Lanmò** - 7
- **Total Lanmò** - 42,993
- **Total dòz vaksen yo administre** - 21,359,637
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo** - 27,306

- Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 270,827
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 lane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 69,9%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 lane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 64,5%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 lane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 72,6%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 lane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 66,0%
- Pousantaj tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 58,2%
- Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 53,3%
- Pousantaj tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 60,5%
- Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 54,6%

Pousantaj rezilta tèst pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Rejyon	Samdi 3 jiyè 2021	Dimanch 4 jiyè 2021	Lendi 5 jiyè 2021
Capital Region	0.34%	0.31%	0.32%
Central New York	0.66%	0.69%	0.69%
Finger Lakes	0.63%	0.62%	0.66%
Long Island	0.50%	0.52%	0.56%
Mid-Hudson	0.41%	0.43%	0.46%
Mohawk Valley	0.55%	0.53%	0.47%
New York City	0.59%	0.62%	0.63%
North Country	0.77%	0.68%	0.77%
Southern Tier	0.28%	0.36%	0.37%
Western New York	0.45%	0.48%	0.50%
Nan tout Eta a	0.54%	0.56%	0.58%

Pousantaj rezilta tèst pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

MINISIPALITE nan NYC	Samdi 3 jiyè 2021	Dimanch 4 jiyè 2021	Lendi 5 jiyè 2021
Bronx	0.51%	0.54%	0.56%
Kings	0.55%	0.58%	0.57%
New York	0.48%	0.53%	0.55%
Queens	0.58%	0.60%	0.63%
Richmond	1.36%	1.40%	1.35%

Yè, te gen 255 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 2,099,931. Yon repatisyon jewografik prezante se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	24,740	1
Allegany	3,562	0
Broome	18,669	0
Cattaraugus	5,728	0
Cayuga	6,357	0
Chautauqua	8,966	0
Chemung	7,787	1
Chenango	3,516	0
Clinton	4,856	1
Columbia	4,083	0
Cortland	3,935	0
Delaware	2,395	0
Dutchess	29,528	4
Erie	89,737	8
Essex	1,597	0
Franklin	2,564	0
Fulton	4,432	0
Genesee	5,442	0
Greene	3,406	0
Hamilton	316	0
Herkimer	5,210	1
Jefferson	6,192	5
Lewis	2,827	0
Livingston	4,540	0
Madison	4,571	0
Monroe	69,240	7
Montgomery	4,259	0
Nassau	184,182	29
Niagara	20,073	0
NYC	941,457	127
Oneida	22,675	1
Onondaga	39,094	5
Ontario	7,417	2
Orange	48,453	13
Orleans	3,125	0
Oswego	7,643	2
Otsego	3,471	0

Putnam	10,634	0
Rensselaer	11,253	0
Rockland	47,093	7
Saratoga	15,418	1
Schenectady	13,220	1
Schoharie	1,705	0
Schuyler	1,082	0
Seneca	2,015	2
St. Lawrence	6,672	0
Steuben	6,975	1
Suffolk	201,602	22
Sullivan	6,699	0
Tioga	3,843	0
Tompkins	4,365	1
Ulster	13,937	1
Warren	3,680	0
Washington	3,169	2
Wayne	5,800	0
Westchester	129,947	9
Wyoming	3,597	1
Yates	1,180	0

Yè, te gen 7 Nouyokè ki mouri akòz COVID-19 la, sa ki fè kantite total la vin 42,993. Yon repatisyon jewografik se konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Herkimer	1
Kings	1
Manhattan	1
Montgomery	1
Queens	2
Warren	1

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman Sante Lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yè, 11,799 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen yo epi 17,816 konplete seri vaksen yo. Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen selon rejyon yo se konsa:

	Moun ki pran omwen yon dòz vaksen		Moun ki pran tout seri vaksen yo	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan yo	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan yo
Capital Region	670,760	711	625,219	1,299
Central New York	531,198	249	497,849	564
Finger Lakes	680,762	426	642,250	773
Long Island	1,530,950	2,015	1,394,126	3,016
Mid-Hudson	1,234,421	1,555	1,118,832	2,010
Mohawk Valley	262,598	184	245,799	299
New York City	5,382,381	4,640	4,882,977	6,052
North Country	246,501	162	225,563	365
Southern Tier	348,116	198	325,633	344
Western New York	738,296	1,659	680,938	3,094
Nan tout Eta a	11,625,983	11,799	10,639,186	17,816

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a. Done ki soti nan NYSIIS ak CIR ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la rapòte gen ti diferans ak done ki rapòte sou plan federal la, sa ki gen ladan l dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)